



*Sistèm
Evalyasyon
Total nan
Massachusetts
(MCAS)*

**Gid pou
MCAS 2008 pou
paran/gadyen legal**

Depatman Edikasyon Primè
ak Segondè Massachusetts

*Se Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts
ki prepare dokiman sa a.*

Mitchell D. Chester, Ed.D., Komisè pou Edikasyon Primè ak Segondè

Mesaj Komisè a

Bonjou paran oswa gadyen legal la:

Evalyasyon elèv MCAS yo, se yon pati enpòtan nan efò commonwealth nou an ap fè pou sipòte edikasyon tout timoun yo. Egzamen sa yo fèt yon jan pou yo mezire aprantisaj elèv yo sou konesans ak devlopman nan konpetans ki enpòtan nan matyè fondamantal nan lekòl yo. Yo itilize yo tou pou montre kòman lekòl yo ak distri yo ap ede elèv yo pou yo kapab aprann ak amelyore pèfòmans akademik yo an.

Gid sa a ekri yon fason pou ede w lè w ap revize *Parent/Guardian Report* [*Rapò pou paran/gadyen legal*] la ki founi rezilta pitit ou a nan egzamen MCAS yo pou prentan 2008 la.

Si ou gen kesyon ou ta renmen mande pou konprann kisa rezilta oswa ranman pitit ou montre, mwen konseye w chita pale avèk pwofesè pitit ou a, pou konprann rezilta yo, epi pou gade ki jan ou kapab travay ak lekòl la pou ede pitit ou aprann. Nou bezwen sipò w anpil, pou ede pitit ou bay bon ranman lekòl, epi pou pèmèt tout elèv nan Massachusetts resevwa yon pi bon edikasyon.

Yon gwo bonjou pou ou,

Mitchell D. Chester, Ed.D.

Komisè pou Edikasyon Primè ak Segondè

Copyright © 2008 Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

Nou bay pèmision la a pou kopye tout dokiman sa a, oswa yon pati ladan l, pou objektif edikasyon ki pa komèsyal. Tanpri bay kredi pou "Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education."

Dokiman sa a enprime sou papye resikle.

350 Main Street, Malden, Massachusetts 02148-5023

781-338-3000

www.doe.mass.edu

Sa ki nan Dokiman sa a

Mesaj Komisè a

I. Pou kisa yo fè MCAS la?	2
Direktiv pou patisipasyon	2
Elèv ki gen andikap	2
Elèv ki pa pale angle byen (LEP)	3
II. Ki egzamen MCAS yo te bay elèv yo pandan 2008 la?	4
Egzamen Prentan 2008 yo	4
Tès ratrapaj	5
III. Ki kalite kesyon yo mande nan egzamen MCAS yo?	5
IV. Kouman yo pral sèvi ak rezilta egzamen pitit ou an?	6
V. Kouman yo rapòte rezilta MCAS yo?	8
A. Seksyon I: Rannman pitit ou bay	8
Nivo rannman	8
Nòt pwopòsyonèl	9
Afichaj nòt ak gam nòt ki pwobab (klas 4yèm–8yèm, ak 10yèm)	9
Afichaj nòt elèv nan gam nan nivo rannman (klas 3yèm)	9
Afichaj nòt ak gam nòt ki pwobab (klas 9yèm).....	9
B. Seksyon II: Enfòmasyon sou rannman pitit ou a nan kesyon egzamen MCAS yo.....	10
C. Seksyon III: Kouman rannman pitit ou a ye lè ou konpare l avèk rannman elèv nan lekòl la, nan distri a, ak nan Eta a?.....	11
D. Seksyon IV: Enfòmasyon Adisyonèl Klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm sèlman: Deskripsyon sou rannman pitit ou a nan redaksyon	11
Klas 9yèm sèlman: Pousantaj elèv ane eskolè 2011 la ki te patisipe nan tès STE lekòl segondè an	11
E. Ki enfòmasyon <i>Rapò pou paran/gadyen legal</i> la bay si pitit ou te patisipe nan Evalyasyon altènativ la?	11
F. Nan ki sikonstans elèv yo pa resewva nòt pou MCAS?	12
VI. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?	12
A. Lòt rapò ou ka jwenn	12
B. Lòt resous	12
C. Kisa ou kapab fè pou ede pitit ou?	13

I. Pou kisa yo fè MCAS la?

Massachusetts Comprehensive Assessment System [Sistèm Evalyasyon Total nan Massachusetts la] (MCAS) fèt yon jan pou satisfè kondisyon ki nan Education Reform Law [Lwa sou Refòm nan Edikasyon] 1993 la. Lwa sa a presize pwogram egzamen an dwe:

- evalue *tout* elèv lekòl piblik nan Massachusetts, sa ki vle di tou elèv ki genyen andikap, ak elèv ki pa pale angle byen;
- mezire ranman yo dapre estanda edikasyon ki nan *Curriculum Framework [Plan Travay Lekòl]* Massachusetts la;
- fè rapò sou ranman chak elèv, chak lekòl, ak chak distri.

Kòm youn nan kondisyon pou yo resevwa yon diplòm lekòl segondè (anplis lòt kondisyon lokal yo), Lwa sou Refòm nan Edikasyon an oblije elèv yo pran egzamen klas 10yèm lan epi reyisi ladan l, nan English Language Arts [Konesans nan lang angle] (ELA) ak nan Matematik ansanm avèk youn nan kat (4) tès yo bay nan lekòl segondè nan Science and Technology/Engineering [Syans ak Teknoloji/Jeni] (STE).

Epi tou, pwogram MCAS la rann lekòl yo ak distri yo responsab, chak ane, pou pwogrè yo fè pou yo reyalize objektif lwa federal ki rele No Child Left Behind la [Pa Kite Okenn Timoun Dèyè], tabli pou konpetans nan lekti ak matematik pou tout elèv anvan ane 2014 la pase.

Direktiv pou patisipasyon

An 2008, tout elèv nan lekòl piblik ki ant klas 3yèm rive nan klas 8yèm, oswa ki nan klas 10yèm, te oblije pran egzamen MCAS yo ki disponib nan nivo klas yo an. Yo te egzije tou pou lekòl yo bay nenpòt elèv ki nan klas 9yèm epi ki enskri nan yon kou Biyoloji, Chimi, Fizik elemantè, oswa Teknoloji/Jeni epi ki chwazi pou patisipe nan egzamen MCAS ki koresponn lan.

Elèv ki gen andikap

Pandan ane ki anvan evalyasyon yo pwojete pou tout Eta a, yon Individualized Education Program [Pwogram Edikasyon Pèsonalize] (IEP) elèv la, oswa ekip 504 la fè yon reyinyon pou gade kouman yon elèv ki gen andikap pral kapab pran egzamen MCAS yo. Yo ekri enfòmasyon sa yo nan IEP elèv la oswa nan plan 504 li.

Pou elèv ki gen andikap, epi ki pa kapab pran egzamen si yo ba yo egzamen estanda MCAS yo, kit se avèk, kit se san dispozisyon espesyal, Depatman Edikasyon Primè ak Segondè an bay MCAS Alternate Assessment [Evalyasyon altènativ MCAS] la. Paran elèv ki patisipe nan Evalyasyon altènativ la resevwa de (2) *Rapò pou paran/gadyen legal*, ki se yon lèt òdinè pou fè konnen elèv la te pran Evalyasyon altènativ la, ak pou montre nivo ranman elèv la, epi yon rapò ki detaye sou ranman elèv la bay nan Evalyasyon altènativ la.

Rezilta MCAS pou elèv ki gen andikap yo, ansanm ak rezilta elèv ki patisipe nan Evalyasyon altènativ la parèt nan rezilta lekòl yo, distri yo, ak Eta a.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pou patisipasyon yo, ak sou ki dispozisyon espesyal yo kapab pran pou yon elèv, nan *Requirements for the Participation of Students with Disabilities in MCAS* [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo nan MCAS], ki nan sit wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/participation.

Elèv ki pa pale angle byen (LEP)

Sa yo rele yon elèv ki pa pale angle byen (Limited English Proficiency, oswa LEP), se “yon elèv ki pa pale angle kòm premye lang li, epi ki pa kapab bay ranman nòmal nan yon klas ki fèt nan lang angle.” Yo deside kalifikasyon pou LEP a dapre pwosedi idantifikasyon nan distri a.

Lwa federal ak lwa nan Eta a mande pou *tout* elèv LEP ki enskri nan lekòl piblik Massachusetts, oswa nan lekòl prive kote se lajan leta ki peye, pou pran egzamen MCAS nan Matematik ak STE ki bay nan nivo klas yo ye a. Pou elèv LEP ki rantr nan lekòl piblik nan Etazini pou premye ane a, distri a gen opsyon pou fè elèv yo patisipe nan egzamen ELA a nan nivo klas yo ye a. Yo itilize rezilta egzamen elèv LEP ki nan premye ane yo pou fè dyagnostik sèlman. Kifè, elèv sa yo pa resevwa nòt pwopòsyonèl ni nivo ranman.

Anplis, yo egzije pou tout elèv LEP patisipe nan Massachusetts English Proficiency Assessment-Reading/Writing [Evalyasyon pou konpetans nan angle nan Massachusetts-Lekti/Redaksyon] (MEPA-R/W) ak nan Massachusetts English Language Assessment-Oral [Evalyasyon oral pou lang angle nan Massachusetts] (MELA-O) pou mezire pwogrè yo fè chak ane nan aprann angle. Nan prentan 2008 la, elèv LEP ki nan K-2 nan distri Tit III yo te patisipe nan yon evalyasyon pou lekti ak redaksyon yo rele IDEA Proficiency Test [Egzamen pou Konpetans nan IDEA] (IPT).

An 2008, elèv LEP kalifye ki pale panyòl, epi ki te enskri nan lekòl nan pati Etazini ki sou kontinan an depi mwens pase 3 an, te gen chwa pou yo pran yon vèsyon egzamen Matematik pou klas 10yèm la an de (2) lang, angle/panyòl kòm yon altènativ, si yo te kapab li ak ekri nan nivo klas yo, oubyen prèske nan nivo klas yo, nan lang panyòl.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou direktiv pou patisipasyon elèv LEP yo nan *Requirements for the Participation of Students with Limited English Proficiency in MCAS and MEPA* [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki pa pale angle byen yo nan MCAS ak nan MEPA], ki nan sit wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/participation.

II. Ki egzamen MCAS yo te bay elèv yo pandan 2008 la?

Egzamen Prentan 2008 yo

Tablo ki pi ba la a montre egzamen MCAS yo te bay an 2008 nan chak klas yo.

Klas 3yèm	ELA Reading Comprehension [Konpreyansyon lekti ELA] Mathematics [Matematik]
Klas 4yèm	ELA (Composition; Reading Comprehension) [ELA (Konpozisyon; Konpreyansyon lekti)] Matematik
Klas 5yèm	Konpreyansyon lekti ELA Matematik Science and Technology/Engineering [Syans ak Teknoloji/Jeni] History and Social Science [Istwa ak Syans sosyal]*
Klas 6yèm	Konpreyansyon lekti ELA Matematik
Klas 7yèm	ELA (Konpozisyon; Konpreyansyon lekti) Matematik Istwa ak Syans sosyal*
Klas 8yèm	Konpreyansyon lekti ELA Matematik Syans ak Teknoloji/Jeni
Klas 10yèm	ELA (Konpozisyon; Konpreyansyon lekti) Matematik
Lekòl segondè	Syans ak Teknoloji/Jeni <ul style="list-style-type: none"> • Biology [Biyoloji] • Chemistry [Chimi] • Introductory Physics [Fizik elementè] • Technology/Engineering [Teknoloji/Jeni] U.S. History [Istwa Etazini]*

* Yo pat pwodwi rezilta nivo elèv, nivo lekòl oswa nivo distri ki baze sou egzamen pilòt yo nan Istwa ak Syans sosyal oswa Istwa Etazini.

Tès ratrapaj

Chak ane, pandan otòn ak prentan, Depatman an bay elèv ki nan klas onzyèm ak douzyèm ansanm ak adilt ki te kite lekòl segondè yon opòtinite pou yo pran retests [tès ratrapaj] MCAS yo. Tout elèv ki pa te ko evalye sou Competency Determination [Detèminasyon Konpetans], te kalifye pou patisipe nan tès ratrapaj MCAS ELA ak Matematik, pandan ane anvan an.

Elèv klas onzyèm ki te vle eseye amelyore nòt MCAS yo, pou yo te rive genyen yon Certificate of Mastery [Sètifika pou Nivo Konpetans], te gen yon chans pou yo pran egzamen MCAS estanda 2008 pou klas 10yèm yo, nan ELA ak Matematik. Lòt elèv klas 11yèm ki te gen absans epi ki te prezante dokiman ki pwouve rezon medikal ki te fè yo absan pou egzamen 10yèm yo, oswa ki te transfere nan lekòl piblik Massachusetts apre klas 10yèm lan, te gen yon chans pou yo te pran egzamen MCAS estanda pou klas 10yèm yo, pou yo te ka eseye kalifye pou John and Abigail Adams Scholarship [Bous etid John and Abigails Adams lan].

III. *Ki kalite kesyon yo mande nan egzamen MCAS yo?*

Egzamen MCAS yo sèvi ak plizyè fòm pou kesyon ki mezire sa elèv la aprann.

- **Multiple-choice questions [Kesyon ki pwopoze plizyè repons]** yo parèt nan tout matyè yo, sòf nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Elèv la chwazi repons ki kòrèk la nan kat repons yo pwopoze yo.

Pou chak repons kòrèk, elèv la gen 1 pwen, epi pou chak repons ki pa kòrèk, li gen 0.

- **Open-response questions [Kesyon tou louvri]** yo parèt nan tout matyè yo, sòf nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Dapre matyè y ap pran egzamen an, elèv yo konpoze yon repons ekri ki gen youn oswa plizyè paragaf, epi/oswa yon tablo, yon tab, yon dyagram, yon ilistrasyon, oswa yon grafik.

Yo bay pwen dapre gid pou bay nòt yo ki tabli pou chak kesyon tou louvri. Pou klas matematik 3yèm sèlman, chak repons resevwa yon nòt ki ant 0 a 2 pwen. Pou tout lòt klas ak matyè, chak repons resevwa yon nòt ki ant 0 a 4 pwen.

- **Short-answer questions [Kesyon ki mande repons tou kout]** yo parèt sèlman nan egzamen Matematik. Elèv yo konpoze yon repons kout, ki se nòmalmman yon solisyon an chif oswa yon enonse ki kout.

Pou chak repons kòrèk, elèv la gen 1 pwen, epi pou chak repons ki pa kòrèk, li gen 0, dapre gid pou bay nòt yo.

- **Writing prompts [Demann pou ekri]** yo parèt nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Nan klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm yo, elèv yo ekri yon konpozisyon pou reponn yon demann pou ekri.

Egzamen Konpozisyon ELA a gen de (2) sesyon ki fèt menm jou a, avèk yon ti peryòd repo kout ant sesyon yo. Nan premye sesyon an, elèv yo fè yon premye kopi obouyon yo pa pral bay nòt pou li, pou reponn demann pou ekri a. Apre yon peryòd repo, elèv yo retounen pou fè yon revizyon premye kopi obouyon an, pou fè yon kopi definitif yo remèt pou korektè a bay yon nòt.

Gen de (2) korektè endepandan ki bay nòt pou chak Konpozisyon ELA yo dapre yon gid pou bay nòt nan de (2) domèn ki pi ba yo:

- Topic Development [Devlopman yon sijè] (2–12 pwen)
- Standard English Conventions [Konvansyon angle estanda] (2–8 pwen)

IV. *Kouman yo pral sèvi ak rezilta egzamen pitit ou an?*

Pandan w ap gade rezilta pitit ou a, sonje byen:

- *Rapò pou paran/gadyen legal* la bay enfòmasyon enpòtan sou rannman pitit ou a nan travay lekòl li, nan matyè MCAS te bay egzamen sou yo pandan ane 2008 la. Gade rezilta MCAS yo ansanm ak evalyasyon pwofesè yo, ansanm ak travay lekòl timoun lan fè chak jou, pou w kapab konprann ki kalite travay pitit ou a ap fè nan lekòl li. Li enpòtan pou w montre ou entere nan travay pitit ou, epi pou w ankouraje l.
- *Rapò pou paran/gadyen legal* MCAS bay pou pitit ou a pral antre nan dosye tanporè elèv la. Dosye tanporè elèv pou pitit ou a genyen ladan l tout enfòmasyon lekòl la konsève sou pitit ou a, ki pa parèt nan relve nòt li. An jeneral, pèsonn pa kapab gade dosye sa a san pèmision elèv la, oswa pèmision paran oswa gadyen legal, sòf elèv la limenn, paran oswa gadyen legal la, epi anplwaye otorize nan lekòl la. Yo detwi dosye tanporè elèv la, pa pi ta pase senk an apre elèv la transfere nan yon lòt lekòl, oswa diplome, oswa kite sistèm lekòl la. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kesyon sa a, gade nan sit wèb Depatman an, nan www.doe.mass.edu.
- Apati klas 2010 la, kòm youn nan kondisyon pou yo resevwa yon diplòm lekòl segondè, elèv yo oblije ta dwe satisfè oswa depase scaled score [nòt pwopòsyonèl] 240 la (*Proficient*) [(*Bon*)] nan egzamen MCAS pou klas 10yèm la nan ELA ak nan Matematik, oswa resevwa yon nòt pwopòsyonèl 220–238 (*Needs Improvement*) [(*Bezwen fè pwogrè*)] nan toude egzamen yo epi satisfè kondisyon yo nan Educational Proficiency Plan [Plan Konpetans Edikasyonèl] (gade www.doe.mass.edu/hsreform/epp). Elèv nan klas ane eskolè 2010 yo dwe satisfè oswa depase nòt pwopòsyonèl 220 an sou youn nan kat (4) tès STE pou lekòl segondè. Anplis yo

oblige reyisi nan egzamen MCAS yo, elèv yo ap oblige satisfè kondisyon lokal pou resevwa diplòm lekòl segondè a tou. Si pitit ou a pa rive fè yon nòt pwopòsyonèl ki 220 pwen oswa plis nan egzamen MCAS ELA ak egzamen Matematik yo pou klas 10yèm, li pral genyen plizyè opòtinite pou re pran egzamen pou matyè li pat reyisi an (yo). Apati 2009, y ap bay opòtinite pou pran egzamen Biyoloji nan lekòl segondè yo de (2) fwa chak ane: dabò an Fevriye, epi ankò nan fen semès/trimès prentan an.

- Rezilta egzamen ELA ak egzamen matematik pou elèv klas dizyèm yo (ak pou elèv klas onzyèm ki pat patisipe anvan nan egzamen ELA ak/oswa egzamen Matematik pou klas dizyèm yo) sèvi tou pou gade si elèv la kalifye pou Bous etid John ak Abigail Adams la. Yon elèv ki nan lekòl segondè piblik nan Massachusetts kalifye otomatikman pou Bous etid Adams la si rezilta li yo satisfè twa (3) kondisyon ki pi ba la yo:

1. yon nòt ki mete yo nan kategori *Advanced* [*Bon anpil*] swa nan ELA oswa nan Matematik pou klas 10yèm la;
2. yon nòt ki mete yo nan kategori *Proficient* [*Bon*] oswa *Bon anpil* nan dezyèm matyè a (ELA oswa Matematik); epi
3. yon nòt konbine pou MCAS la, nan evalyasyon sa yo, ki mete elèv la nan 25% ki pi wo pase klas k ap gradye nan distri lekòl li a.

Elèv, ki nan charter school [lekòl leta sibvansyone], avèk elèv ki patisipe nan chwa pou lekòl oswa nan METCO, kalifye pou bous etid si yo satisfè kondisyon pou kalifikasyon nan kèlkeswa lekòl li ale oswa nan distri kote yo rete a.

- Espesyalis nan edikasyon yo sèvi ak rezilta elèv yo, rezilta lekòl la, ak rezilta distri yo, pou travay sou pwogram lekòl yo epi pou amelyore pwogram yo. Metòd sa a satisfè yon pati nan sa Lwa sou Refòm nan Edikasyon an mande, kididonk fè klas yo pi bon, ak ede elèv nan Massachusetts yo bay pi bon rannman dapre estanda pou edikasyon ki nan *Plan Travay Lekòl* la.
- Depatman Edikasyon Primè ak Segondè sèvi ak rezilta MCAS yo pou mezire pwogrè chak lekòl yo ap fè pou yo rive fè tout elèv yo vin konpetan nan ELA ak nan Matematik. Objektif prensipal lwa federal ki rele Pa Kite Okenn Timoun Dèyè a se pou rive nan nivo sa a anvan ane 2014 la pase. Chak ane, Eta a pibliye rapò sou Adequate Yearly Progress [Pwogrè nòmal pou ane a] (AYP) pou tout lekòl piblik ak distri nan Eta a, ak pou soukategori elèv nan chak lekòl ak nan chak distri. Nan soukategori elèv sa yo, genyen:
 - elèv ki pa pale angle byen, oswa ki pat pale angle byen
 - elèv ki gen andikap
 - elèv ki pa gen lajan
 - Elèv Afwo-Ameriken/Ameriken Nwa, Azyatik, Panyòl/Latino, Ameriken Endyen Natif Natal, Blan, ak Moun ki gen plizyè ras—ki pa Panyòl/Latino

V. Kouman yo rapòte rezilta MCAS yo?

Paran chak elèv ki nan klas 3yèm–8yèm ak 10yèm resevwa yon *Rapò pou paran/gadyen legal* ki montre rezilta tout egzamen MCAS pitit yo a te pran pandan prentan 2008 la.

Paran elèv klas 9yèm yo ki patisipe nan tès Biyoloji, Chimi, Fizik elementè, oswa Teknoloji/Jeni lekòl segondè nan prentan 2008 la ap resevwa yon *Rapò pou paran/gadyen legal* avek rezilta yo tès pitit yo te pran. Ane sa a Depatman an ap fòme yon nouvo fòma pou rapòte rezilta tès klas 9yèm yo sèlman. Yo pral founi enfòmasyon konsènan fason yo re-desinen fòma rapò an nan lafen seksyon A jiska D ki anba la a.

Yo pa bay *Rapò pou paran/gadyen legal* pou egzamen Istwa ak Syans Sosyal oswa Istwa Etazini. Yo pap rapòte rezilta egzamen sa yo ofisyelemanane sa a. Nan plas li, yo sèvi avèk yo pou bay enfòmasyon konsènan rannman elèv yo bay nan kesyon ki te gen nan egzamen yo. Yo bay lekòl yo rezilta kèk kesyon yo chwazi nan egzamen Istwa ak Syans Sosyal ak nan Istwa Etazini pou fè dyagnostik sèlman.

A. Seksyon I: Rannman pitit ou bay

Pou elèv yo ki nan klas 4yèm–8yèm ak 10yèm, seksyon I nan *Rapò pou paran/gadyen legal* la gen yon lis ki montre sou ki matyè yo bay tout egzamen yo nan klas pitit ou a, ak nivo rannman pitit ou a nan chak matyè, ak nòt pitit ou fè nan chak matyè, ak kantite nòt ki pwobab pou pitit ou fè.

Pou elèv yo ki nan klas 3yèm sèlman, seksyon I nan rapò an gen yon lis ki montre sou ki matyè yo bay tout egzamen yo nan klas pitit ou a, ak nivo rannman pitit ou a nan chak matyè. Li montre tou ki kote nòt pitit ou nan gam nivo rannman.

Pou elèv yo ki nan klas 9yèm sèlman, seksyon I nan rapò an gen enfòmasyon adisyonèl nan yon fòma ki deziyen pou ede w konprann rezilta pitit ou an. Li genyen tèks ki entèprete grafik ki montre nòt pitit ou yo, nivo rannman pitit ou a, ak gam nòt ki pwobab.

Nivo rannman

Nivo rannman yo sèvi pou konpare rannman yon elèv ak estanda pou elèv aprann, ki tabli nan *Plan Travay Lekòl* la. Pwofesè lekòl yo, administratè yo, pwofesè inivèsite yo, ak manm kominote yo patisipe nan komite ki tabli estanda pou chak tès pou idantifye ki nòt yo pral aksepte kòm nòt ki pi ba nan chak nivo rannman. Depatman an sèvi ak estanda ki te tabli pou rapòte nivo rannman yon elèv nan chak egzamen.

Nan klas 4yèm jiska klas 8yèm, yo rapòte rezilta MCAS yo nan kat (4) nivo rannman: *Advanced* [*Bon anpil*], *Proficient* [*Bon*], *Needs Improvement* [*Bezwen fè pwogrè*], epi *Warning* [*Avètisman*]. Pou egzamen ELA ak Matematik nan klas 10yèm ak pou tès STE pou elèv lekòl segondè yo, nivo rannman yo se *Bon anpil*, *Bon*, *Bezwen fè pwogrè* epi *Failing* [*Pa bon*]. Pou egzamen ELA ak Matematik nan klas 3yèm, nivo rannman yo se *Above Proficient* [*Pi wo pase bon*], *Bon*, *Bezwen fè pwogrè* epi *Avètisman*. Nan Evalyasyon altènativ MCAS yo, nivo rannman yo se *Progressing* [*Ap fè pwogrè*], *Emerging* [*Ap koumanse travay byen*], epi *Awareness* [*Ap pran konsyans*].

Nan lòt bò *Rapò pou paran/gadyen legal* la, gen definisyon jeneral nivo ranman nan evalyasyon MCAS ak Evalyasyon altènativ MCAS yo.

Nòt pwopòsyonèl

Pou klas 4yèm ak klas ki pi wo yo, kantite nòt pwopòsyonèl yon elèv se ant 200 a 280. Nòt pwopòsyonèl yo rann li posib pou yo konpare rezilta yo chak ane. Pa egzanp, yon nòt pwopòsyonèl ki 240 pou nenpòt egzamen MCAS ap toujou vle di elèv la fè yon nòt ki tonbe byen ba nan nivo ranman ki rele *Bon* an. Yo pa rapòte nòt pwopòsyonèl pou elèv yo ki nan klas 3yèm. Yo bay nòt senp nan seksyon II rapò yo.

Kategori (gam) nòt pwopòsyonèl MCAS pou 2008 pou klas 4yèm ak klas ki pi wo

Nivo ranman	Pwen pou nòt pwopòsyonèl
<i>Bon anpil</i>	260–280
<i>Bon</i>	240–258
<i>Bezwen fè pwogrè</i>	220–238
<i>Avètisman</i> (klas 4yèm–8yèm) <i>Pa bon</i> (klas 10yèm ak Syans ak Teknoloji/Jeni nan lekòl segondè)	200–218

Afichaj nòt ak gam nòt ki pwobab (klas 4yèm–8yèm ak 10yèm)

Pati sa a ki nan seksyon I an montre nòt pitit ou pou chak matyè ak gam nòt ki pwobab yo. Li sèvi avèk yon ba gri orizantal ak yon liy ki vètikal nan mitan l. Liy vètikal la reprezante nòt pwopòsyonèl pitit ou a pran pou chak egzamen. Ba orizantal la endike gam nòt pitit ou an kapab resevwa si li pran egzamen an plizyè fwa. Seksyon sa a fè koneksyon tou ant kategori (gam) yo avèk nivo ranman MCAS yo.

Afichaj nòt elèv nan gam nan nivo ranman (klas 3yèm)

Pati sa a ki nan seksyon I an montre ki kote nòt pitit ou an ye pou chak egzamen an konparezon avèk gam nan nivo ranman MCAS an.

Afichaj nòt ak gam nòt ki pwobab (klas 9yèm)

Nòt pwopòsyonèl pitit ou an pou tès STE ki nan antèt rapò an make nan kazye ki nan kwen siperyè agòch seksyon I an. Kazye a founi tou enfòmasyon si ou pa pitit ou an satisfè estanda MCAS pou tès STE lekòl segondè yo. Yon flèch nwa adwat kazye an montre nòt pitit ou yo nan yon fichaj grafik. Ba gri an ki depase enpe anwo ak anba nòt pitit ou an endike gam nòt pitit ou an kapab resevwa si li pran egzamen an plizyè fwa.

B. Seksyon II: Enfòmasyon sou rannman pitit ou a nan kesyon egzamen MCAS yo

Seksyon II nan nan *Rapò pou paran/gadyen legal* montre kouman pitit ou a te reponn pou chak kesyon nòmal nan chak matyè ki nan egzamen an. Premye ranje nan seksyon sa a montre yon lis ki gen yon chif oswa yon abrevyasyon pou chak kesyon ki posib. Tablo ki pi ba la montre kantite kesyon yo poze pou chak klas ak chak matyè.

Egzamen MCAS pou 2008			
Kantite kesyon nòmal pou chak klas ak pou chak matyè			
Klas	Konesans nan lang angle	Matematik	Syans ak Teknoloji/Jeni
3yèm	42	35	--
4yèm	40 plis Konpozisyon	39	--
5yèm	40	39	39
6yèm	40	39	--
7yèm	40 plis Konpozisyon	39	--
8yèm	40	39	39
10yèm	40 plis Konpozisyon	42	--
Lekòl segondè	--	--	45 (Biyoloji) 45 (Chimi) 45 (Fizik elemantè) 45 (Teknoloji/Jeni)

Kantite kesyon yo varye de yon klas epi matyè a nan yon lòt. Toudepann de kantite ak kalite kesyon ki gen nan egzamen an, rapò pitit ou a kapab gen kèk kategori yo rapòte epi kèk espas pou nòt ki nwasi.

Pou entèprete kòd yo itilize nan kategori pou rapòte a ak ranje nòt yo, gade lejann yo sou lòt bò *Rapò pou paran/gadyen legal* la.

W ap jwenn vrè kesyon yo poze yo ak repons kòrèk yo nan sit wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/testitems.html nan dokiman yo rele *Release of Spring 2008 MCAS Test Items [Piblikasyon kesyon nan egzamen MCAS Prentan 2008]*. Ou ka chwazi materyèl nan dokiman sa a epi ou ka enprime yo dapre nivo klas la ak matyè a.

Pou elèv klas 3yèm yo sèlman, kolòn ki adwat nan seksyon II an make kantite total nòt senp pitit ou an te resewva pou egzamen nan chak matyè li te pran.

C. Seksyon III: Kouman rannman pitit ou a ye lè ou konpare l avèk rannman elèv nan lekòl la, nan distri a, ak nan Eta a?

Seksyon sa a nan *Rapò pou paran/gadyen legal* la konpare rannman pitit ou bay nan chak matyè nan egzamen an ak rannman elèv ki nan menm klas la nan lekòl pitit ou a, nan distri lekòl lokal pitit ou a, epi nan tout Eta a. Tès STE yo pou lekòl segondè, yo melanje kat (4) matyè yo ansanm nan seksyon sa a epitou konparezon an baze sou elèv ane eskolè 2010 pou rapò klas 10yèm avèk elèv ane eskolè 2011 pou rapò klas 9yèm.

Nivo rannman pitit ou a ki ekri nan seksyon I an nwasì nan bò goch chak grafik (A = Bon anpil; P+ = Pi wo pase bon [klas 3yèm sèlman]; P = Bon; NI = Bezwen fè pwogrè; W = Avètisman; F = Pa bon [klas 10yèm ak Syans ak Teknoloji/Jeni nan lekòl segondè sèlman]). Ba ki nan mitan grafik la montre pousantaj elèv nan lekòl pitit ou a (SCH) ak nan distri a (DIS), ak nan Eta a (STA) ki te bay rannman nan chak nivo.

D. Seksyon IV: Enfòmasyon Adisyonèl

Klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm sèlman: Deskripsyon sou rannman pitit ou a nan redaksyon

Yo te bay elèv klas 4yèm, 7yèm ak 10yèm egzamen Konpozisyon (redaksyon) an epi egzamen Konpreyansyon lekti. Yo te konbine rezilta toude egzamen yo pou yo rive jwenn yon nivo rannman ak nòt pwopòsyonèl pou chak elèv nan egzamen ELA a. Pou klas sa yo, seksyon IV nan *Rapò pou paran/gadyen legal* la bay deskripsyon rannman pitit ou bay nan redaksyon an. Yo montre deskripsyon yo bay pou nòt pitit ou fè pou devlopman sijè a nan kazyè anwo a epi yo montre sa yo bay pou nòt pitit ou fè pou konvansyon angle estanda la nan kazyè ki anba a nan seksyon sa a nan rapò a.

Klas 9yèm sèlman: Pousantaj elèv ane eskolè 2011 la ki te patisipe nan tès STE lekòl segondè an

Graf ba nan seksyon IV an montre pousantaj elèv ane eskolè 2011 la ki te patisipe nan egzamen Biyoloji, Chimi, Fizik elementè, oswa Teknoloji/Jeni lekòl segondè nan prentan 2008 la. Elèv klas 9yèm te kalifye pou patisipe nan tès STE lekòl segondè a si yo te komplete yon kou nan youn nan kat (4) matyè yo bay tout egzamen epi yo te chwazi pou fè sa.

E. Ki enfòmasyon Rapò pou paran/gadyen legal la bay si pitit ou te patisipe nan Evalyasyon altènativ la?

Si pitit ou a te patisipe nan Evalyasyon altènativ la, *Rapò pou paran/gadyen legal* la ap montre yon nivo rannman, men li pap montre nòt pwopòsyonèl pou egzamen estanda a. Gen enfòmasyon ki bay plis detay sou rannman pitit ou a nan Evalyasyon altènativ la, nan yon rapò separe pou paran/gadyen legal la, *MCAS-Alt Parent/Guardian Report [Rapò MCAS-Alt pou paran/gadyen legal]*.

F. Nan ki sikonstans elèv yo pa resevwa nòt pou MCAS?

- Si pitit ou te absan nan egzamen yo, epi li te gen yon papye doktè ki di li malad, *Rapò pou paran/gadyen legal* la ap montre kòm nivo rannman, elèv la te *medically excused* [gen yon eskiz doktè].
- Si pitit ou te absan nan egzamen yo ak nan seyans ratrapaj yo, san li pa te gen yon papye doktè ki di li malad, *Rapò pou paran/gadyen legal* la ap montre kòm nivo rannman, elèv la te *absent* [absan].
- Si lekòl ou a fè konnen pitit ou pa pale angle byen (LEP) elèv ki enskri nan lekòl Etazini pou premye fwa apre 1ye Mas 2007, *Rapò pou paran/gadyen legal* la ap montre kòm nivo rannman LEP. *Rapò* a bay analiz sou kesyon tè s yo pou nenpòt pati nan egzamen pitit ou te eseye pran an (yo).
- Sa pa rive anpil fwa, men gen kèk ka kote *Rapò paran/gadyen legal* la kapab di *Incomplete* [Pa fini] oswa *Transferred* [Transfere] pou yon nivo rannman. Kontakte lekòl pitit ou a si ou ta vle plis enfòmasyon konsènan kòd sa a.

VI. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

A. Lòt rapò ou ka jwenn

Yo voye resous ki nonmen nan seksyon sa a bay lekòl yo ak nan distri yo, apre yo bay egzamen MCAS yo. Ou mèt kontakte lekòl kote pitit ou a te pran egzamen MCAS yo, pou w ka jwenn resous yo.

- Konpozisyon ELA (klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm sèlman)
Konpozisyon elèv yo fè nan egzamen ELA a disponib pou lekòl yo sou fòma elektwonik sou yon sit wèb ki an sekirite. Yo disponib epi paran/gadyen legal la kapab resevwa yo, si yo mande sa.
- *School and District Reports* [Rapò sou lekòl ak distri]
Ou ka jwenn rapò sa yo sou Entènèt la, epi yo bay enfòmasyon sou piblikasyon rezilta soukategori elèv yo dapre rezilta pou entèval nòt pwopòsyonèl, dapre rezilta sou nivo rannman yo, epi dapre konparezon rezilta yo pou twa ane.
- *Test Item Analysis Report Summaries* [Rezime pou rapò sou analiz sou kesyon tè s yo]
Rapò sa yo montre nòt mwayenn lan ak pousantaj repons tout elèv yo pou chak nan kesyon ki pwopoze plizyè repons yo, pou kesyon ki mande repons tou kout, oswa pou kesyon tou louvri yo.

B. Lòt resous

Ou ka jwenn piblikasyon ki ekri nan lis ki nan seksyon sa a nan sit wèb Depatman an. Gen anpil lòt ankò ou ka jwenn nan lekòl pitit ou a.

- *Release of Spring 2008 MCAS Test Items* [Piblikasyon kesyon nan egzamen MCAS Prentan 2008]; ou ka jwenn li nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/testitems.html; li gen tout kesyon egzamen MCAS 2008 yo te itilize pou kalkile rezilta elèv yo.
- *Requirements for the Participation of Students with Disabilities in MCAS* [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo nan MCAS]; ou ka jwenn li nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/participation; li esplike kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo, ak pou yo jwenn tout kalite èd yo kapab resevwa.
- *Requirements for the Participation of Students with Limited English Proficiency in MCAS and MEPA* [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki pa pale angle byen yo nan MCAS ak nan MEPA]; ou ka jwenn li nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/participation; li esplike kondisyon pou patisipasyon elèv ki pa pale angle byen.
- *Curriculum Frameworks in English Language Arts, Mathematics, Science and Technology/Engineering, and History and Social Science* [Plan Travay Lekòl nan Konesans lang angle a, Matematik, Syans ak Teknoloji/Jeni, epi Istwa ak Syans Sosyal]; ou ka jwenn resous sa yo a nan adrès www.doe.mass.edu/frameworks/current.html; yo esplike kisa elèv yo dwe konnen, ak kisa yo dwe kapab demontre, nan chak nivo klas la.
- *Pwosisyon MCAS Performance Appeals* [Apèl pou ranman nan MCAS], ki te etabli an 2002 a, pèmèt elèv yo demontre, nan devwa yo fè pou kou a, yo satisfè oswa yo depase estanda pou reyisi nan angle (ELA) ak/oswa Matematik, menm si yo pat kapab reyisi egzamen yo oswa tès ratrapaj yo. Yo prevwa resous sa a pral vin disponib pou Syans ak Teknoloji/Jeni lekòl segondè nan prentan 2008 la. Sous prensipal enfòmasyon konsènan Apèl pou ranman nan MCAS la se www.doe.mass.edu/mcasappeals.

C. Kisa ou kapab fè pou ede pitit ou?

Sipò pitit ou bezwen ou ba li a enpòtan kounye a, epi pandan tout ane lekòl la. Men kèk konsèy ki kapab ede w sipòte pitit ou, lè lap pare pou pran egzamen MCAS ki pral vini yo.

- Pale regilyèman ak pwofesè pitit ou, pou gade kisa ou kapab fè lakay ou pou sipòte travay pitit ou ap fè nan lekòl li.
- Veye pou pitit ou a pran ase repo, manje byen, epi rive lekòl alè chak jou. Veye pitit ou lekòl byen pare pou l aprann.
- Pale avèk pitit ou sou matyè kote li bezwen fè pwogrè. Mande li si l kwè li fè pwogrè li bezwen fè yo. Si l reponn non, chache konnen poukisa.
- Mande pitit ou a ki devwa li gen pou fè lakay li pou demen, ak pou semenn k ap vini an, epi veye pou devwa yo fin fèt.
- Mande pitit ou a esplike kisa lap etidye. Konvèsasyon konsa yo ede w swiv pwogrè pitit ou, epi sa ede pitit ou a sonje sa li aprann.
- Si pitit ou a gen yon andikap, mande pwofesè a (yo) kouman MCAS mache ak IEP oswa ak plan 504 pitit ou a.
- Ede pitit ou a fè egzèsis sou kesyon MCAS yo, epi reli egzamen yo ansanm, pou nou tout konnen kisa elèv la dwe fè.

Haitian Creole version